

**NeMutungamiri Dieter F. Uchtdorf**

Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri  
Hwekutanga



# Mukoho waMwari

**M**umwe mudzimai ainzi Christa paneimwe nguva akamboshandira kambani diki yembeu. Aida basa rake. Raipa chishamiso chikuru chekuti kambeu kadiki diki koga koga kaaitengesa kaiva nesimba rokuzvishandura kuita chimwe chinhu chinoshamisa zvikuru — karotsi, kabheji, kana kunyangwe zimuti ziguru reoak.

Christa aifarira kugara pakombiyuta yake achitora maodha kubva kuvatengi uye achipindura mibvunzo. Asi rimwe zuva akatambira runyunyuto kubva kune mumwe mutengi rwakamushamisa.

“Mbeu idzi hadzishandi,” mutengi akataura. “Ndakadzitenga mwedzi miviri yakapfuura asi nazvino hapana chakaitika.”

“Makadzidyara here muivhu rakanaka uye mukadzidiridza nemvura yakakwana nokuona kuti dzinowana zuva rakakwana?” Christa akabvudza.

“Kwete, asi ndakaita chikamu changu,” mutengi akapindira. “Ndakatenga mbeu dzacho. Kunze kwezvose, dzaka *vimbiswa* kuti dzinokura.”

“Asi hamuna kudzidyara?”

“Kwete zvachose. Zvaizoreva kuti ndaisvibisa maoko angu.”

Christa akafunga pamusoro peizvi uye akaona kuti mirairo yekudyara yaitofanira kunyorwa. Akasarudza kuti murairo wekutanga waizoti: “Unofanira kutevera mirairo yekudyara kuitira kuti mbeu dzimere. Haukwani kudziisa pasherefu uye wozotarisa kuti dzikure.”

Hakuna kupera nguva yakareba rumwe runyunyuto rusati rwamushamisa.

“Mbeu idzi hadzisi kubereka,” mutengi akataura.

“Makadzidyara here muivhu rakanaka?” Christa akapindura. “Makadzidiridza here nemvura yakakwana uye mukaona kuti dzinowana zuva rakakwana?”

“Chokwadi chaizvo,” mutengi akasimbisa. “Ndakaita zvose izvozvo — chaizvo sezvazvinotaura papakiti. Asi hadzishandi.”

“Pane chimwe chakaitika here? Dzakamera here?”

“Hapana chakaitika,” mutengi akataura. “Ndakadzidyara sokurairwa chaiko kwakaitwa. Ndangandichitarisa kuva nematomatisi ekubikisa kudya kwemanheru. Zvino ndagumbuka zvikuru.”

“Mirai,” Christa akapindura. “Murikuti madyara mbeu idzi nhasi?”

“Musaita zvokuseka,” mutengi akapindura. “Ndakadzidyara vhiki yakapfuura iyo. Handina kutarisira kuona matomatisi pazuva rokutanga; ndaiva nemwoyo murefu. Rega ndikuudze, paiva nekudiridza nekumirira kwakawanda kubvira musi wandadzidyara kusvikira nhasi.”

Christa akaziva kuti aizofanira kuwedzera mumwe murairo: “Mbeu idzi dzinoenderana nemitemo yebhayoraji. Kana ukadyara mbeu magwanani uye wotarisa kudya matomatisi pashure muvhiki iyoyo, uchazogumbuka. Unofanira kuva nemwoyo murefu uye womirira kuti basa remakuriro ezvinomera riitike pamberi pako.”

Zvinhu zvose zvakaenderera mberi zvakanaka kusvikira Christa atambira rumwe runyunyuto.

“Ndakagumbuka zvikuru nembeu dzenyu,” mutengi akatanga. “Ndakadzidzira sekuraira kwakaitwa papakiti. Ndakadzidzira nemvura, uye ndikaita chokwadi kuti dzaiwana zuva, uye ndakamirira kusvikira pokupedzisira dzabereka mukoho wadzo.”

“Zvinotaridzika sokuti makaita zvose nemazvo.” Christa akataura.

“Izvozvo zvose zvakanaka chose,” mutengi akapindura. “Asi chandakawana aiva mapudzi!”

“Marekodhi angu anotaridza kuti ndiyo mbeu yamakao-dha,” Christa akataura.

“Asi handidi mapudzi; ndinoda manhanga!”

“Handisi kunzwisisa zvamuri kureva.”

“Ndakadyara mbeu iyi mubindu rangu remanhanga— muivhu rimwechetero rakaburitsa manhanga gore rapera. Ndakarumbidza mbeu idzi zuva rega rega, ndichidziudza kuti dzichava manhanga akanakisa. Asi panokuwana manhanga makuru, akatenderera, eorenji, ndakawana mapudzi akareba egirini. Mazana nemazana awo!”

Christa akaziva ipapo kuti mirairo chete yakanga isina kukwana uye kuti zvaiva zvakafanira kutara musimboti: “Mbeu dzaunodyara uye nguva yanodzidzira ndizvo zvinoreva kuti uchakohwa chii.”

## **Mutemo weMukoho**

MuApostora Paulo akadzidzisa pamusoro pemukoho waMwari:

“Musanyengerwa: Mwari haasekwi; nokuti izvo zvinodyara munhu, ndizvo zvaanocheka.

“Nokuti unodyarira nyama yake; uchacheka kuvora, kunobva panyama; asi unodyarira Mweya, uchacheka vupenyu husingaperi, hunobva kuMweya.

“Zvino ngatirege kuneta pakuita zvakanaka: nokuti tinozocheka nenguva yakafanira, kana tisingavori mwoyo” (VaGaratia 6:7–9).

Munguva pfupi dzapfuura, Ishe vakatipa humwe huchenjeri nekwaniso yekunzwisisa huchokwadi hwemutemo usingashanduki uyu:

“Kune mutemo, wakatsidzwa kudenga zvisingabvisike, hwaro hwenyika ino husati hwavepo, panove ndipo panobva maropafadzo ose —

“Uye kana tikawana maropafadzo api zvawo kubva kuna Mwari, zvinokonzerwa nokuteerera kumutemo

iwoyo panova ndipo paanobva” (D&Z 130:20–21).

Izvo zvatinyodzira, ndizvo zvatinyokohwa.

Mukoho waMwari unoshamisa zvinopfuura mafungiro. Kuna avo vanoVakudza, maropafadzo aVo akawanda zvikuru anouya “nechiyero chakanaka, chakatsikirirwa, chakazunguzirwa, chakaita mupfunga; . . . Nokuti nechiyero chamunoyera nacho, muchayerwa nacho” (Ruka 6:38).

Sokuda kunoita mbeu dzepasi kushingirira uye mwoyo murefu, ndizvowo zvinodikanwa nemaropafadzo mazhinji ekudenga. Hatikwanisi kuisa chitendero chedu pasherefu uye totarisira kukohwa maropafadzo emweya. Asi kana tikadyara nokuchengeta mwero yevhangeri muhupenyu hwemazuva ose hwemhuri yedu, pane mukana mukuru wekuti vana vedu vanozokura nokubereka michero yemweya yakakosha zvikuru kwavari nekuzvizvarwa zvinotevera.

Mhinduro dzaMwari kuminamoto yedu hadzisi dzinouya pakarepo nguva dzose — dzimwe nguva dzinotaridzika kusauya zvachose— asi Mwari vanoziva izvo zvakananyanya kunakira vana Vavo. Noruvimbiso, rimwe zuva tichazoonza zvakananyanya kujeka; uye pazuva iroro tinozoziva runako nemutsa wekudenga.

Kusvikira panguva iyoyo, chinangwa chedu nerufaro rukuru rwedu nderwe kufamba nemutsoka dzaTenzi neMuponesi wedu uye nekurarama upenyu hwakanaka uye hwakarurama kuitira kuti mukoho wakavimbiswa uye wakakosha wemaropafadzo asina mutengo aMwari ugo-kwanisa kuva wedu.

Izvo zvatinyodzira, ndizvo zvatinyokohwa.

Ndiwo mutemo wekudenga.

Ndiwo mutemo wemukoho waMwari.

---

## **KUDZIDZISA KUBVA MUSHOKO RINO**

Kurukura neavo vamunodzidzisa kuti mutemo waMwari wemukoho unoenderana sei neukama, kutendeuka neuchapupu, kana kuzvinangwa zve-basa nezvedzidzo. Unokwanisa kuverenga nokufunga zvinyorwa zvitvene zvinooenderana nemutemo uyu, sezvakaita Zvirevo 11:18; 2 Vakorinte 9:6; na Aruma 32. Vakurudzire kuti vawongorore zvinangwa zvakare uye vamise zvinangwa zvitsva zvokubudirira pazvinhu zvakarurama. Vabatsire kuti vamise chirongwa chokuita zvinhu nemutemo usingachinjira kuitira kuti vabudirire pachinangwa chavo chenguva yakareba.

## Ronga Mukoho Wako

**M**utemo waMwari wekukohwa ndewekuti kana tichida chimwe chinhu pashure, tinofanira kuchishandira iyezvino. Kana tichida kurima bindu, tinofanira kudyara mbeu, todzidiridza, uye todzisakurira tichibvisa masora. Kana tikasaita izvi, hatizokwanisi kuva nemukoho pashure!

Pazasi pane mudorongodzwa wemimwe “michero” yakanaka yaungangoda muupenyu hwako. Nyora pasi zvimwe zvinhu zvaungakwanisa kuita mwedzi uno zvinokubatsira kutambira maropafadzo aya.

- Mumba mune mufaro
- Dzidzo
- Shamwari dzakanaka
- Rubhabhatidzo neKusimbiswa
- Uchapupu hwaJesu Kristu



# Basa Dzvene raJesu Kristu: Mesia

*Nemunamato dzidza shoko rino uye tsvaga kuziva zvekugovera. Kunzwisisa upenyu nebasa reMuponesi zvinowedzera sei rutendo rwako maAri nekuropafadza avo vaunotaririra kuburikidza nedzidziso yekushanyirana? Kuwana rumwe ruzivo, enda kureliefsociety.lds.org.*

*Ichi chikamu chezvitevedzano zvezvinyorwa zveMashoko eDzidziso dzeKushanyirana zvinopa zvimwe zvikamu zvebasa reMuponesi.*

**Z**vinyorwa zvitsvene zvinodzidzisa kuti tinokwanisa kugara pamberi paMwari “kuburikidza nekodzero, netsitsi, nenyasha dza-Mesia Mutsvene” (2 Nifai 2:8). *Mesia* izwi “rechiAramaiki nechiHeberu rinoreva ‘akazodzwa.’ . . . MuTestamente Itsva Jesu anodaidzwa kuti Kristu, izvo zvinova zvakafanana naMesia muchiGiriki. Zvinoreva kuti Muporofita, Mupirisita, Mambo, uye Mununuri akazodzwa.”<sup>1</sup>

Gosa Jeffrey R. Holland weChikwata cheVaApostora vane Gumi neVaviri akapupura: “Ndinoziva [Jesu Kristu] Ndiye Mutsvene we-Israeli, Mesia uyo nerimwe zuva achauya zvakare mukubwinya kukuru kwekupedzisira, kuzotonga pasi saIshe wemadzishe uye saMambo wamadzimambo. Ndinoziva kuti hapana rimwe zita rinopiwa pasi pedenga iro murume [kana mukadzi] angaponeswa naro.”<sup>2</sup>

“[Jesu Kristu] ndiye Muponesi neMununuri wepanyika,” vakadaro Mutungamiri Dieter F. Uchtdorf, Mutevedzeri weChipiri muHutungamiri Hwekutanga. “Ndiye Mesia akavimbiswa. Akararama upenyu hwakarurama uye akadzikinura zvivi zvedu. Achagara nguva dzose ari parutivi rwedu. Acharwa hondo dzedu. Ndiye tariro yedu; Ndiye ruponeso rwedu; Ndiye nzira.”<sup>3</sup>

**Zvimwe Zvinyorwa Zvitsvene**  
Johane 1:38–41; 4:25–26, 40–42;  
2 Nifai 6:13; 25:16–17

## **Kubva muMagwaro Matsvene**

Vadzidzi vaKristu vechikadzi vakanga vari zvapupu zvebasa Rake saMesia. Maria Magdarene aiva mudzidzi waJesu Kristu. Ndiye akatanga kuona kuti “ibwe rabviswa pabwiro” pamangwanani eKumuka Kuvakafa kwaKristu. Aka “mira kunze kwebwiro, achichema” mushure mekunge aona kuti mutumbu Wake wakanga usisiri mubwiro.

Zvino “akatendeukira shure, akavona Jesu amire, asi haana kuziva kuti ndiJesu.

“Jesu akati kwaari, Mai, mu-nochemeiko? munotsvaka aniko? Iye, achiti ndiye murimi womunda, akati kwaari; Ishe, kana muri imi mamubvisa, ndivudzei pamamuisa, ndindomutura.

“Jesu akati kwaari, Maria. Iye akatendeuka, akati kwaari, Raroni; ndokuti, Mudzidzisi,” Maria akaziva kuti Akanga asiri murimi asi Jesu Kristu, Mesia. (See Johane 20:1–17.)

## **KWAKATORWA ZVIMWE ZVINYORWA**

1. Nhungamiro kuMagwaro Matsvene, “Messiah”; scriptures.lds.org
2. Jeffrey R. Holland, “The Only True God and Jesus Christ Whom He Hath Sent,” *Liahona*, Mbudzi. 2007, 42.
3. Dieter F. Uchtdorf, “The Way of the Disciple,” *Liahona*, Chivabvu 2009, 78.

## **Funga Izvi**

Sei zvakakosha kunzwisisa basa reMuponesi saMesia?